

BENEDIKSYON POU PEN AN

O Bondye, Papa Etènèl la,
nou mande w, nan non Pitit Gason w lan, Jezikri,
pou ou beni ak sanktifye pen
sa a pou nanm tout moun ki pran ladan l,
pou yo kapab manje nan memwa kò Pitit Gason w lan,
epi pou yo rann ou temwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la,
ke yo vle pote non Pitit Gason w lan sou yo,
pou yo toujou sonje l,
epi pou yo respekte kòmandman l yo ke li te ba yo,
pou yo kapab toujou gen Lespri l avèk yo.
Amèn.

BENEDIKSYON POU DLO A

O Bondye, Papa Etènèl la,
nou mande w nan non Pitit Gason w lan, Jezikri,
pou ou beni ak sanktifye dlo
sa a pou nanm tout moun ki bwè ladan l,
pou yo kapab fè sa nan memwa san Pitit Gason w lan,
ki te koule pou yo;
pou yo kapab rann ou temwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la,
ke yo toujou sonje l,
pou yo kapab gen Lespri l avèk yo.
Amèn.

